

# SHORT STORIES

BY ZEE SWETO



## MY ADVICE

Usadhkira vuroyi mukunyara anofa ndiwe wodohoshaya kuti chawaizvichengetera uchitadza kungorovera imbwa panzvimbo chii. Angava mudiwa, hama oro wekimeti iudze kuti waroya urimuroyi tendevuka iye nhasi uno.

Taneta nekungohwa kuti varume imbwa what what oro vakadzi mahure bhati yanhasi inobata munhu wose.

Mundisiyevo ini ndongori sitori tella saka chandoziva ibepa nebhiroo.

## CONTACT

*Email: [swetozee25@gmail.com](mailto:swetozee25@gmail.com)*

*Phone: +971 543 312 447 /  
+263 774 997 917*

*Website: [www.bhoconcept.com](http://www.bhoconcept.com)*

All stories are created by me and no characters ever existed. Its just a way of connecting social life with what is happening in our societies thereby entertaining the general public.

## MUROYI

Paya ndaingonzwa mumwe muimbi ane mbiri wechidiki anonzi She Calaz achiti haazi mafunniez, ndaive ndisati ndanyasozvigaya kuti muupenyu zvinopinda papi. Mira uhwe zveee iwe, ndakazoita tsvakurudzoo kana research pachirungu ndikabuda neanswer svinu.

Vhura zheve chisikana, vhura zheve chikomana... horaiti vhurai zheve mose vadikamwi kubva kuchikomana chiduku nechisikana chiduku chinogona kuimba Areruyaaa kusvika kuna muzvina sangano nemi vabati vehomwe ndati ndikusumei kuti ranhasi radobuda chasara kuti rivire.

Kungapisa kukatonhorasei asi rabuda mumuromo harivhikwi, shoko ishoko rodoti ribaye pamoyo kuti dhluuu kwete juuu jekiseni asi kuti dyoooo panoti nyooo. Horaiti mirai ndifambe nayo.

Randamukira nhasi rinoti, musoro wenyaya haazi mafunniez. Zvoita sedambe zvogoita semahwi evechidiki vorasha tsika asi terera urihweee zvimwe rinodaro richibata newewo.

Ukama hatina saka ndongorireva sezvariri, ukaritoravo aaaah makorokoto tichafara nokupembera kana rabatsira kwenyu. Arisiya haaaa matatu newe handina asi ndongoti nerimwechete rinosiya gomba pamoyo ndoti....ZVAKOO.

Usavhunduke chati kwatara uchikangamwa kuti une katurikwa. Vakuru vakati mbudzi kuzvarira pavanhu kwahi nditandirwe imbwa, zvoo isu hatimire tongoti imbwa saaaaa kuti dzibate.

Ihama yako....ehe ihama, asi ihwaa vhura njere, funga usada kufungigwa segitare. Ane vupenyu hwake anotodawo good life asi hazvirevi kuti anofarirawo progress yako, trust no one. Iri rabata, ndoziva wamboita kakuvhunduka kaaaa, aiwa eheee vanhu vanodoti vavhunduke. Kana radai unohwa madzimai ehwisiri ongoti ummm, yuwiiii unoreva.

Kwaiva kutaura kwakare kuti wako ihama chete, nyatsocheuka uonesese pada mutogwa uyo ndiye wako chaiye. Kumbira Ishe uvhenekegwe, rikava zita remukoma wangu uyu wokundisiya, ronda haripori...saka ndati ongorora.

Mira kumanya manya handisikutaura madzinza chirongwa chakamboita mukurumbira chavaChivaura, chaibuda pachivhiti-vhiti. Ungati ndobata bata pasingabatwi ehooo mira ndifambe neimwe zhira asi dzose tosvika.

Zhira dzeGweru dzakawandisa Kadoma uyeChivhu asi tosvika tose chasiyana iNumber yemaToll gate, tiri tose here handidi tirashane because chero ukatsva sei ziva gehena riri kumberi mapisiro aro. Tuku akareva akati hakuna gehena riri nani nokuti kwese kutsvaaa.

Mira tiinde nekuMasvingo asi tose takananga Gweru, gwendo gofanira kuti gupere tiri tose. Wadireiko kuisa vuroyi murudo uchizviti ndonamta...hoooo makasa mira... kwahi naED ngazvibveeeee ngazvibveee ngazvibveee... but wait hazvibve zvekumhanya usati waibata nyaya yacho. Rovai mota.

Heee handisi muroyi ndozvinamatigwa , ndakadopfeka kusvondo chaikooo. Chimira uhwe dhefinishini yomuroyi. Iyi yasiyana neyemadzitateguru edu, kwakusina sosho medhiya saka zvahoti chinjeyi mazuva ano.oo.

Muroyi ndini?.....Muroyi ndiwe?.....Muroyi ndinhingi?  
.....Aaaaaah tingasungwa navaChidhlavusiku. Saka mirai tihwe.

Ndikafamba nayo mushe fanika sooo muroyi anobuda zvimwe ndiripo iwe uchidhla neni mundiro imwe chete. Uyu mukadzi or murume ndomudisa asi murudo gwedu anenge asiri serious or ane umwe, manje kuti zvangu zviite mira ndifambe ndimugadzire, kozvondodii ndodawo imba ini vamwe vanorovogwa vachichata muchato dhore dhore tichiimba, ndiniwo ndadiii....chihwa iwewe hazvina mhosva wainda kunobatsigwa kupi uri muroyi, wandihwaaaa. Handidzokorori hazvisi zviziviso zverufu hehehedeee seka hako mwana wemutema.

Handina zvakaita ini ndakangoenda nemapikicha ake ku.....mira ipapo and read my lips....uri muroyi.

Murume wangu hagari pasi handipewo mari kana cent zvaro mumba tine zhara saka ndakawana boyfriend inodipawo mari.....muroyi.

Mukadzi wangu kupopota kwake ma1 boyzzz, haagone kubika kana kugeza saka ndongoponerawo kusmall house .....itai easy blaz muri muroyi.

Muface wangu itype dzekuroora dziya saka its sex after marriage manje handingamirire izvozvo ndoitawo kamwe kamuface kanombondifadzawo kusvika ndazoororwa.....my sister muri kamuroyi chaikoo



Mukadzi wangu wandaakusiya ega uyu ndichifamba angazoenda mira ndikusote central locking chayo.....hahaha mdhara munoroyaa.

Murume wangu haachashandi basa rakapera akungomirira pay yangu manje handingazvigone, ndakumbonana nevanoshanda vanofaya, zvekumba ndongoitawo after work.....imi amai munoroyesaaa.

Shaaa iwewe mukadzi wako anokustressa samesame nemurume wangu zvaanondiita saka isu totongodanana kubasa kuno kumba tosvika taabho wena, saka ngachitsve kubasa.....imi kaaaaa imi kwanai...varoyi pano.

Inini saboss vako tongoitawo zvekuti zviite pay yako ndowedzera asi usaudza vanhu....hehedeee zvandoona ini.....muroyi.

Ndanzwa nekushainirwa nevamwe, murume haandipiwo mari so I will do anything to get that job, worara nashefu.....hezvoooo.....iweee haudovoni urimuroyi.

Please ndauya kuzokuti bhayi bhayi mangwana ndakurovogwa/ kuroora saka ngatichifara kekupedzisira usazonditsvake futi.....asi imimi kaaaa.....zvivaroyi.

Une mukondombera asi uri paSpreading extavaganza nekuti uchakatsvukira..iwe iwe iwe....cheuka undione muroyi.

Urikubatisa mwana mucheche mishonga nhasi, ichazomumukira akura heeeey mhani.....ndati uri kamuroyi katoonema departments.

Nhumbu wakabvisa 17 asi nhasi unotuka murume kuti benzi hauzvare.....nhaiwe.....muroyi.

Muporofita ndibatsirei mukomana wangu aone kunaka kwangu chete, andiroore nekukurumidza....kkkkk seka zvako wezhira wezhara wezheve huru kamuroyi aka.

Sekuru hembe yemudiwa wangu iyi chiigadzirai zamakataura zviye ndakuda imba ini.....muroyessst.

Dzinza renyu kuti ribudirire iwewe bata nepapa, isa mhiko iyi vufumi huuye kwauri hama dzopera iwe uchidhla nekukuguta.....iiiiiii ndachema zvangu ini, kandi hauzvivoni kuti urimuroyi.

Vanhu votambura nyika yose iwe oooh kutarisa divi kunge usingavoni kuti tofa nyika yose nhaiwe.....ndopanoti muroyi.

Chaunoda paari hapana kuzhe kwemari iyoyo yaunovona asi rudo chaigo dololo .....usandimanikidze kutaura asi ndodongobvujunuka senyanga musaga...urimuroyi.

Wakamupromisa kuti kusvika murufu tiri tose asi kungocheuka kudai uripakahwanda wakutohodhesa muchero mabanana maorange malemon maapple.....iweeeee ukawana nguva ukwane muroyi iwe.

Vana vanofamba vakashama iwe uchidhla mari nenjapisi....hiweeeeeeee dzikama ndokuvhara nembama....muroyi.

Tsveee zvotaugwa nevakuru kuhi namata upone iwe sika sika nemvura dzemuteuro matombo handbag kurema kunge mune mari ari matombo aunopihwa, mazuva gumi uchivata uchitonhogwa uchingohi mira tigadzire mutuero pedzezvoo wodanana navamupostori ivavo .....ohiiiiii ndokushandikira nembama....mu..ro..yi.

Eheeee hekani waro iyi yati batei, ikati dzimbei, ndiye gwadzei, ikahoti fadzei asi semurandarume shoko rodongoti riparidziwe chero richibata nyakuritura, hauhwivo here.

Saka kubva nhasi funda and pabatisise....MUROYI bhayi dhefinishini munhu woga woga whu dhazi samuthingi thati kozisi dhethi pamberi oro ipapo ipapo. Asi zino remuroyi harivhagwi nekusekerera izvo kwani musimairi umu makavanziwa godo, ruchiva, upombwe nevutsinye.

Varoyi tizegwe navo in the name of hama, shamwari, kubasa, muchechi, kubhawa, kumakonifarenzi ewarume oro evakadzi.

Kozoti iri bazi iri rezverudo rinozviita vanhu vakachena kani asi ndomune zvivaroyi zvisingadi kuudzwa kuti unoroya ende unoroyesaaa.

Chihwa kana wabatwa batwa apa tenderera uinde kuseri kwemba  
unofugama uchere chikomba pasi wopfira mate katatu kuti  
handizvipamhi futi ndadzidza ini....

Kana wapona aaaah wagwa umire muchadenga asi ziva kuti  
ndichakufamba gwendo gwaita guduku dai tatichiinda Zvishavane  
ndaikuwana chete.

Sandikutuka baaa asi kundobasira munhu wese asati asvike kumhatso  
kwake kuti ndingoite counselling inobviroita helpfuru maningi.

Une zheve dzokuhwa wahwa

**..... Ndomaperero atirikuita.....**

.....the end.....